

Tretman akselere pou patnè a (Expedited Partner Therapy, EPT) pou trikomonaz:

Yon gid pou pasyan ki te resevwa metwodinazòl pou patnè li a (yo)



Poukisa yo banm preskripsyon oswa medikaman anplis?

Doktè dekouvrir ou gen trikomonaz epi w ap suiv tretman pou sa a, yon enfeksyon ki pwopaje pandan w ap fè sèks nan vajen. Patnè seksyèl ou (yo) bezwen trete tou pou yo pa gen gwo pwoblèm sante, re enfekte w oswa bay lòt moun enfeksyon an. Bay patnè seksyèl ou a (yo) preskripsyon oswa medikaman siplemantè a. Medikaman, yo rele metwonidazòl (Flagyl), san danje epi li prèske efikas a 100% lè w pran l jan ou dwe pran li an.



Kisa trikomonaz ye?

Trikomonaz se yon enfeksyon moun pran nan fè sèks (sexually transmitted infection, STI) epi ki pwopaje lè moun ap fè sèks nan vajen. Moun ki gen trikomonaz pa santi okenn sentòm jeneralman. Si moun yo santi sentòm, se kapab ekoulman (souvan ak yon move odè), gratèl oswa iritasyon anndan ak ozalantou ògànjenital yo, peni oswa vajen.



Kisa mwen dwe fè apre sa?

Kounye a:

- Jwenn tretman pou trikomonaz.
- Di nenpòt moun ou te fè sèks avè l pandan de (2) dènye mwa yo doktè dekouvrir ou gen trikomonaz epi w ap suiv tretman pou sa a. Eksplike l trikomonaz se yon STI, epi li posib pou li enfekte avèk li.
- Bay patnè seksyèl ou a (yo) preskripsyon an oswa medikaman an, ansanm ak ti liv enfòmasyon an ki gen tit "Tretman akselere pou patnè a (EPT) pou trikomonaz: Yon Gid pou patnè ki resevwa metwodinazòl." Ankouraje li (yo) li enfòmasyon yo epi pran medikaman an.

- Ankouraje patnè seksyèl ou a (yo) al wè yon pwofesyonèl swen sante oswa nan yon klinik pou li fè tès pou lòt STI yo, menm si li (yo) pran medikaman an.

Pita:

- Tann sèt (7) jou apre ou menm ak patnè ou a (yo) fin fè tretman an anvan nou fè sèks.
- Ale wè yon pwofesyonèl swen sante oswa nan yon klinik nan twa (3) mwa pou yo refè tès trikomonaz pou ou.



Kijan pou m fè pou m di patnè seksyèl mwen an (yo) mwen te nan trètman pou trikomonaz?

Li ka difisil pou w di patnè seksyèl ou a (yo) ou gen STI, men yo bezwen swiv tretman pou yo pa re enfekte ou menm oswa nenpòt lòt patnè seksyèl. Eseye pale klè epi onèt avèk patnè seksyèl ou a (yo). Ou ta ka di:

"Dènyèman mwen dekouvrir mwen gen yon STI, yo rele trikomonaz. Kòm nou te fè sèks, li posib pou w genyen l tou. Nou pa gen okenn mwayen pou nou konnen kiyès ki te genyen l avan paske pifò moun pa gen sentòm. Ou dwe pran medikaman sa a epi li ti liv ki vini ak medikaman an. Asire w al wè yon pwofesyonèl swen sante pou l fè tès lòt STI pou ou."

Patnè seksyèl ou a (yo) ka santi li (yo) jennen, wont, koupab, an kolè oswa li (yo) ka pè — epi ou ka santi w konsa tou. Santiman sa yo nòrmal. Lè ou ofri li (yo) tretman an, ou montre ou sousye de li (yo) epi ou vle ede li (yo).



E si patnè seksyèl mwen an (yo) fache?

Patnè w la ka vin fache epi li ka repwoche w poutèt ou ba li trikomonaz, men gen dwa se pa

ou ki enfekte I. Moun ki gen trikomonaz pa santi okenn sentòm jeneralman, kidonk yon moun ka genyen I depi lontan san I pa konnen. Anpil fwa, pa gen okenn mwayen pou konnen ki moun ki gen trikomonaz anvan. Bagay ki pi epòtan an se pale ak patnè seksyèl ou a (yo) sou enfeksyon w lan pou li (yo) ka pran tretman pou evite gwo pwoblèm sante.



E si patnè seksyèl mwen an (yo) vin vyolan?

Si w panse yon patnè seksyèl ka vin vyolan, ou dwe evite ba li preskripsyon oswa medikaman an. Rele **911** tousuit si yon patnè seksyèl menase w oswa si li vin vyolan.



Èske patnè seksyèl mwen an (yo) ta dwe pran medikaman an menm si li (yo) pa santi okenn sentòm?

Wi. Moun ka gen trikomonaz san yo pa santi okenn sentòm epi lè yo pran medikaman an, I ap trete li.



E si youn nan patnè seksyèl mwen yo ansent oswa si li panse li petèt ansent oswa si I ap bay tibebe tete?

Si youn nan patnè seksyèl ou yo ansent, oswa li panse li petèt ansent, li dwe toujou pran medikaman sa a kanmenm. Moun nan dwe wè yon pwofesyonèl swen sante tou pi vit posib pou yo fè tès pou lòt STI, li ka bay tibebe a. Si li pa trete, trikomonaz ka lakòz fanm ansent fè tibebe yo twò bonè (akouchman premature), epi li ka lakòz tibebe a gen yon pwa ki ba lè li fèt. Si I ap bay ti bebe tete, li dwe tire lèt nan tete li epi vide li nan yon vesò ("tire epi vide") jiska 24 èdtan apre li fin pran medikaman an. Li pa dwe bay tibebe a lèt nan tete li.



Kisa m ta dwe fè apre m fin bay patnè seksyèl mwen an (yo) preskripsyon an oswa medikaman an?

Medikaman an pran sèt (7) jou pou I bay rezulta. Pran medikaman ou kounya epi pa fè sèks nan bouch, nan dèyè oswa nan vajen pandan omwen sèt (7) jou apre ou menm ak patnè seksyèl ou a (yo) fin trete. Ou ka trape trikomonaz ankò si w fè sèks anvan ou menm ak patnè seksyèl ou a (yo) geri.



E si patnè seksyèl mwen an pa vle pran medikaman an?

Si yon patnè seksyèl p ap pran medikaman an, li dwe al wè yon pwofesyonèl swen sante pi vit posib pou yo fè tès pou li epi ba li trètman pou trikomonaz. Di patnè w la si I pa pran tretman, sa ka lakòz li gen gwo pwoblèm sante. Pandan tan sa a, pa fè sèks avèk li jiska sèt (7) jou apre li fin fè tretman an.



E si mwen pa ka fè tout patnè seksyèl mwen yo jwenn medikaman an?

Si w pa ka bay tout patnè seksyèl ou yo medikaman an, retounen I bay pwofesyonèl swen sante a, oswa klinik ki te ba ou I la. Pa pataje medikaman w lan ak lòt moun. Ou dwe pran tretman pou trikomonaz poukout ou, epi se menm jan pou patnè w yo. Pa fè sèks ak okenn patnè ki pa trete jiskaske yo pran tretman pa yo.



Kijan mwen ka fè prevansyon kont STI yo?

Lè w sèvi ak kapòt jan w dwe fè sa a epi lè w toujou sèvi avè I lè w ap fè sèks se pi bon fason pou fè prevansyon kont STI yo.